



Chè fanmi,

Nou kontan anpil pou anonse **n ap bay plis priyorite sibling nan [admisyon nan lekòl presegondè](#)**.

- Nan kòmansman ane a, nou te anonse ke elèv k ap aplike ki gen sibling nan klas 6yèm ane ap resevwa priyorite pou sibling.
- Dapre repons nou jwenn nan men fanmi ak kominote atravè vil la, n ap elaji priyorite sa a kounye a konsa:
 - **Nan lekòl kote dènye klas la se 8yèm ane,**
 - Aplikan lekòl presegondè ki gen frè ak sè kounye a nan klas sizyèm oswa setyèm ane gen priyorite pou ale nan lekòl frè ak sè yo.
 - Si lekòl la gen klas ki pi piti (pa egzanzp, lekòl K-8), aplikan lekòl presegondè ki gen frè ak sè ki nan kindergarten, premye, dezyèm, twazyèm, katyèm, oswa senkyèm, sizyèm, oswa setyèm ane kounye a gen priyorite pou ale nan lekòl frè ak sè yo.
 - Nan lekòl ki kontinye jiska douzyèm ane, aplikan lekòl presegondè ki gen frè ak sè ki nan sizyèm, setyèm, uityèm, nevyèm, dizyèm, oswa onzyèm ane gen priyorite pou yo ale nan lekòl frè ak sè yo.

Priyorite frè ak sè sa a konsène elèv k ap patisipe nan pwosesis admisyon sa a kounye a, epi li pa pou elèv ki deja nan lekòl presegondè.

Si pitit ou a ap aplike nan lekòl presegondè epi ou panse kounye a li ta kalifye pou yon priyorite frè ak sè, ou ka kontakte konseye lekòl pitit ou a oswa yon [Sant Byenveni pou Fanmi \(Family Welcome Centers, FWC\)](#) avan **madi 15 mas**. Ou pral kapab ajoute sibling yo nan aplikasyon pitit ou a.

Ou gen kesyon sou priyorite pou frè ak sè nan lekòl presegondè? Voye yon imèl ba nou nan siblings@schools.nyc.gov.

Avèk respè,

Ekip admisyon nan lekòl presegondè, Biwo enskripsyon elèv

Department of Education

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Pa bliye mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl presegondè nan schools.nyc.gov/SignUp. **Si w vle retire non w sou lis** mesaj pou admisyon lekòl presegondè yo, tanpri klike [la a](#).